# ǴÁREZSIZLIK DÁWIRINDEGI PROZADA EKOLOGIYALIQ MASHQALALARDIŃ SÁWLELENIWI

**Allamuratova Kamila Jańabaevna**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti magistrantı.

***https://doi.org/10.5281/zenodo.15163953***

***Annotaciya.*** *Maqalada ǵárezsizlik dáwirindegi ekologiyalıq mashqalalarǵa arnalıp jazılǵan shıǵarmalar jóninde sóz etilgen. Jazıwshılardıń ekologiyalıq mashqalalardı jarıtıp beriw sheberligi tuwralı pikir bildirilgen.*

***Tayanısh sózler:*** *Esse, fentazi, ekologiya mashqalası, faktologiyalıq materiallar.*

## POSITION OF ECOXOGICAL PROBLEMS AT THE PROJALA DURING THE INDEPENDENCE PERIOD

***Abstract.*** *In the article, the article was charged on works written in the environmentalism debamos. The writers' views are given on the highlightation of environmental problems.*

***Key drives:*** *essays, fentus, ecological problems, factoring materialization.*

## ПОЛОЖЕНИЕ ЭКОКСОГИЧЕСКИХ ПРОБЛЕМ В ПРОЯЛЕ В ТЕЧЕНИЕ ПЕРИОДА НЕЗАВИСИМОСТИ

***Аннотация.*** *В статье в статье было предъявлено обвинение в работах, написанных в экологическом дебамосе. Взгляды писателей приведены на выделение экологических проблем.*

***Ключевые побуждения:*** *эссе, фентус, экологические проблемы, факторинг материализации.*

Qaraqalpaq ádebiyatında sońǵı jılları sezilerli dárejede ózgerisler, alǵa ilgerlewler boldı.

Bul ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarındaǵı qaraqalpaq prozasında da óz kórinisin taptı. Jazıwshılar túrli janrlarda shıǵarmalar dóretti. Bul dáwirde T.Qayipbergenov, K.Karimov, M.Nızanov, Á.Paxratdinov, H.Ótemuratova, M.Tawmuratov, B.Ernazarov hám basqalardıń romanları, A.Ábdiev, E.Ermanov, Á.Atajanov, G.Ayımbetova, Yu.Álimbetov, A.Sultanov, M.Nızanov, B.Ernazarov povestleri, K.Smamutov, O.Ábdiraxmanov, Sh.Usnatdinov, K.Allambergenov, G.Matyakupovalardıń úlken- kishi kólemdegi esseleri jarıq kórdi. Ǵárezsizlik dáwirinde dóretilgen shıǵarmalardıń ishinde Aral máselesine, ekologiyalıq mashqalaǵa arnalǵanları, ulıwmalastırıp aytqanda adam hám tábiyat máselesin sáwlelendiriwshi shıǵarmalar da barshılıq. T.Qayipbergenovtıń “O dúnyadaǵı atama xatlar”, essesi K.Allambergenovtıń “Quslar qaytqan kún” povest hám gúrrińleri, “Dárya tartılǵan jıllar” romanı, O.Ábdiraxmanovtıń "Sayǵaqlardıń kóshpeli tágdiri" essesi , "Teńiz tolı, ay jarıq" fenteziyi, K.Karimovtıń "Araldıń úmiti" romanı, A.Sultanovtıń" Besinshi awıl áńgimeleri" dúrkimi, G.Matyakupovanıń "Aral-

jańa turmıs teńizi" esseleri elimizdegi awır ekologiyalıq mashqalalarǵa arnalıp, onda insan taǵdiri hám tábiyat mashqalaları sheber túrde jarıtıladı.

Ǵárezsizlik jıllarında Tólepbergen Qayıpbergenov ádebiyatımızdı óziniń kórkem forma, janr hám stil salasındaǵı izlenisleri menen bayıttı. Bunıń mısalı sıpatında onıń «O dúnyadaǵı atama xatlar» roman-essesin keltiriwge boladı. Bul dóretpe tikkeley Aral tragediyasına arnalıp, ol ózbek, francuz tillerine awdarıldı, usı arqalı pútkil regionǵa qáwip salǵan apatshılıq haqqında jer júzi xalıqlarına málimlewde úlken xızmet atqardı.[1, 483 ]Aral boyı regionında júzege kelgen ekologiyalıq apatshılıqtıń kelip shıǵıw sebepleri hám kútiletuǵın aqıbetleri sóz etetuǵın bul shıǵarma jazıwshı tárepinen súwretlew obyekti etip alǵan tubalawshılıq jıllar dep atalǵan dáwirde tek biziń respublikamızda emes, pútkil awqamda byurokatlıq, paraxorlıq, kózboyawshılıq, mámleket múlkin talan-taraj etiwshilik, tábiyatqa nadurıs qatnas, morallıq qatnaslardıń buzılıwı tábiyattıń jábir shegiwine, ekologiyalıq apatshılıqtıń kelip shıǵıwına alıp keldi.

Jazıwshı K.Allambergenov dóretiwshiliginde de 70-jıllardan berli insan hám tábiyat baslı temalardıń birine aylanıp kiyatır. Jazıwshınıń “Jer monologı” gúrrińinde insan hám tábiyat arasındaǵı quramalı hám sırlı qatnastıń názik tárepleri ashıp beriledi. Gúrrińdegi Ana-jer (Aq tóbe), Aq qozı, Xojabay obrazları arqalı jazıwshı adam hám tábiyat birliginiń, úylesimliliginiń qúdiretli kúshin kórsetiwge umtılǵan. “Quslar qaytqan kún” povesti jazıwshınıń ekologiya temasında balalar turmısınan alıp jazılǵan eń sátli povesti bolıp tabıladı. Avtordıń 1992-jılı baspadan shıqqan “Dárya tartılǵan jıllar” romanında da ekologiya teması sáwlelendirilip, onda dáryanıń suwınıń qaytıwı, tartılıwına úlken poetikalıq máni júklengen.[4, 48 ] Bul arqalı ol ótken ásirdiń sońǵı jıllarındaǵı aqıbetin oylamay jobalastırıwlardıń saldarınan ekologiyalıq jaǵdaydıń kelip shıǵıwı, adamlar sanasınıń ózgeriwin, yaǵnıy ekologiyalıq jaǵdaydıń ruwxıy ómirimizge tásirin ashıp kórsetiwdi niyet etken. Avtordıń bul niyeti bas qaharman Jalǵas Nazarovtıń obrazı arqalı ashıp beriledi.

Jazıwshı O.Ábdiraxmanovtıń “Teńiz tolı, ay jarıq” shıǵarması da Aral teńiziniń ekologiyalıq jaǵdayı temasına baǵıshlanǵan bolıp, onda Aral teńiziniń házirgi kúndegi jaǵdayı onı asırap-abaylaw kerekligi tiykarǵı ideya etip alınadı. Bul arqalı jazıwshı insanlar arasında Watanǵa muhabbat, tuwılǵan jerge súyispenshilik, tábiyattı kóz qarashıǵınday asırap-abaylaw, bir-birewge degen mehir-múriwbet sıyaqlı pazıyletlerdi qáliplestiredi.

Shıǵarma Tilegen degen ǵarrınıń ómiri, onıń eske túsiriwleri tiykarında rawajlanıp baradı.

Ol ómirinshe Aral teńizinde balıqshı bolıp islegen, al házir teńizdiń suwı tartılıp, onda balıqlar azayıp atırǵanına qabırǵası qayısadı. Shıǵarma eń dáslep ǵarrınıń úsh balasın saparǵa atlandırıwı, yaǵnıy biz biletuǵn erteklik motivte baslanadı.

Balalarınıń hár qaysısı hár tárepke ketedi. “Insan geyde ózinen alısta jasap atırǵan hámmeni baxıtlı dep oylaydı, hám baxıttı alıslardan izleydi. Lekin geyde bende baxıt degen lázzetti tatıp atırıp, onnanda táwiri tatqısı kelip, onnan da jaqsısın izley beredi...”. [3, 4 ]

Mine usınday jazıwshınıń qáleminen dóregen,ǵárezsizlik dáwirinde jazılǵan shıǵarmalarınıń biri, ana tábiyattiń tirishilik deregininiń biri, sayǵaqlardıń ayanıshlı awhalın ashıp beretuǵın “Sayǵaqlardıń kóshpeli taǵdiri” essesi bolıp tabıladı. Bunda jazıwshı “Esse” janrınıń talaplarına say, yaǵnıy jazıwshınıń óz pikirlerin kópshilikke ashıqtan- ashıq bildiriw tilegine say keletuǵın, qanday da jámiyetlik kóz-qaraslarǵa qozǵaw salatuǵın “Aral ekologiyalıq probleması, sonıń saldarınan Ústúrt jerindegi  sayǵaqlardıń awır awhalı jóninde “ gi mashqalalarǵa toqtaladı.

Shıǵarmada jazıwshı sayǵaqshı alım, biologiya ilimleriniń kandidatı, Qonısbay Qáyipbekov benen birge Belewli, Churıq, Matay dalalarında balalaytuǵın sayǵaqlardı izlep 4 kún dawamında Ústurtti aylanadı.Shıǵarma usılayınsha baslanadı jazıwshı shıǵarma orayında turǵan ekologiya problemasın kóplegen faktlik materiallar, sapar dawamında kórgen – bilgen jaǵdaylar menen baylanısıtırıp bayan etedi.O.Ábdiraxmanovtıń bul essesindegi mına qatarlar kitap oqıwshıların tásirlendirmey qoymaydı, álbette: “Jáne bir máslele: Qudayǵa mıń qátle shúkir, búgin ǵárezsizligimizdıń on besinshi jılınıń minberinen qarap turıp,búgingi erkinligimizge shúkirshilik etemen.Eń bolmasa Ústúrttey keń jazıq dalamda turıp, “mına aspan, mına jer – meniki meniń Watanım” dep gerdeyip, oyıma túsken qıyallarımdı qaǵazǵa túsirip atırman.Meniń ǵárezsiz watanımnıń qarıs qorǵaw – azamatlıq parızımız ekenin hámme uǵınadı.Ǵárezsizlik sharapatı - ǵárezsizlik jılları Ózbekstanda birde kiyik yáki sayǵaqtıń atılıwına ruxsat etilmedi.

Tábiyatımızdı qorǵaw boyınsha adamgershilikli nızamlar qabıllandı hám Prezidentimizdiń “XXI ásir bosaǵasında...” kitabında ekologiya mashqalaların sheshiw mámleketimizdiń baslı baslı baǵdarlarınıń biri ekenligi aytıp ótildi”.[2, 6] Bul qatarlarda jazıwshı úlken ekologiyalıq problemanı, insan hám tábiyattiń ekologiyalq mashqalasın kóteriw menen birge búgingi ashıq aspan, tınısh dáwirimizge, ǵárezsizlik sharapatı menen islenip atırǵan is-ilajlarǵa ayırıqsha shúkirshilik sezimin de bere alǵan.

Ǵárezsizlik dáwirinde jazılǵan insan hám tábiyat máselelerin sóz etetuǵın shıǵarmalardan jáne biri jazıwshı hám shayır sıpatında ádebiyatımızda orınlı girewli insan Keńesbay Karimovtıń “Araldıń úmiti” shıǵarması bolıp tabıladı.Bul shıǵarma da Ámiwdárya jurnalınıń 2022-jılǵı shıǵarlımınıń birneshe sanlarında baspadan shıǵadı hám kitapqumarlar kewlinen tereń orın iyeleydi.”Araldıń úmiti” shıǵarması da ǵárezsizlik dáwirinde ekologiyalıq mashqalalarǵa arnalıp jazılǵan eń qunlı dóretpelerden bolıp tabıladı. Óytkeni, shıǵarmanıń tiykarǵı probleması da usı

Aral mashqalası. Shıǵarmada bas qaharman – Dawılbay ǵarrı. Romannıń tiykarǵı qaharmanları – Dawılbay ǵarrı, hayalı Asel, ákesi Tasqınbay, anası Seregúl, ajaǵası Tolqın onıń hayalı Ádemi, jiyeni Saǵınbay, aqlıǵı Teńizbay, Shamurat, Kóptilew, Andrey, Esbol, Stanislav,

Tatiyana sıyaqlı birneshe qaharmanlar qatnasadı.Shıǵarmadaǵı waqıyalardıń derlik kópshilik bólegi usı Dawılbay ǵarrınıń átirapında jámlenedi.Sol oraylıq tulǵaǵa qatnaslı Dawılbay ǵarrıǵa qatnaslı ashıladı.

Shıǵarmanıń syujeti júda sheber islengen bolıp, ásirese Dawılbay ǵarrı obrazınıń hám shıǵarmadaǵı basqa da obrazlardıń ashılıwında úlken xızmet atqarıp kelgen.Shıǵarmanıń syujeti arqalı waqıyalardıń jelisi, personajlardıń kelbeti, xarakteri ashıladı. Waqıyalar folklorlıq dóretpelerdegi sıyaqlı hám klassikalıq ádebiyatlardaǵı sıyaqlı bir tártipte izbe-iz emes al Dawılbay ǵarrınıń eske túsiriwleri, oylawları arqalı rawajlanadı.Shıǵarmada keskin konfliktti de bayqamaymız.Biraq, keń kólemli roman janrında jazılǵan bul shıǵarma biz sóz etip atrǵan Aral tragediyasın ashıp beriwde qunlı shıǵarmalardıń biri bolǵanı sózsiz.

Ǵárezsizlik dáwiri qaraqalpaq ádebiyatında pútkil álemlik mashqalaǵa aylanǵan Aral jónindegi jáne bir shıǵarma elimizge jazıwshı, jurnalist hám shayıra sıpatında belgili Gúlistan Matyakupovanıń “Aral – jańa turmıs teńizi” shıǵarması bolıp tabıladı.Jazıwshı shıǵarmada Aral teńiziniń búgingi kúndegi jaǵdayı, Aral teńizi haqqındaǵı júda kóplegen faktologiyalıq materiallardı,jáne de elimizdegi Aral teńizi, onıń qurıw jaǵdayında islenip atrǵan barlıq is-ilajlar, Moynaqtaǵı islenip atrǵan iygilikli isler jóninde tolıp-tasıp sóz etedi. Araldıń 1960-70-jıllarınan baslap onıń búgingi kúnge deyingi ayanıshlı awhalı haqqında óziniń ishki keshirmelerin, debdiwlerin, tolǵanısların beredi.Ásirese, shıǵarmadaǵı mına qatarlar:

“Sol jıllarda jazılǵan Aral temasındaǵı qosıqlardı oqısańız tolıp-tasıp,tolqın-tolqınǵa urılıp,tınıq suwlar geyde aldıǵa, geyde arqaǵa urılıp aǵıp turǵan, hárqıylı balıqlar awlanıp atırǵan,shaǵalalar suwǵa bawırın basıp alıp tınbay juǵırlasıp ushıp atırǵan,alıslarda paraxodlar,kemeler, aǵarıp kórinip atırǵan biypayan Aral teńizi ayaqlarınızıdń astında aǵıp atırǵanday boladı”[5, 4]. Degen bul qatarlar hárbir kitap oqıwshısın tolǵandırıp jiberedi.Jazıwshınıń Aral haqqındaǵı ishki keshirmelerinen tuwılǵan bul qatarlar Aral teńizi tolıp-tasıp, gúllengen shaǵındaǵı kartinanı kóz aldımızǵa elesletedi.

Ǵárezsizlik dáwirinde jazılǵan Aral ekologiyalıq mashqalasına arnalǵan jáne bir joqarı kórkemlikke iye shıǵarmalardıń biri jazıwshı A.Sultanovtıń “Besinshi awıl áńgimeleri” shıǵarması bolıp tabıladı.Qaraqalpaq ádebiyatında novella janrınıń sheberi atanǵan jazıwshı bul shıǵarmasın “Dúrkim” dep ataydı. Jazıwshınıń bul shıǵarmasında “Moynaqtı alsaq”, “Muńlı móńiresken mallar”, “Chexoslavakiyada “Aral” dúkanı”, “Uwıldırıq nan”, “Bekireniń bel kespesin jemegen basım”, “Narqı bir somlıq samolyot”, “Qumǵa egilgen qawın” sıyaqlı birneshe bólimshelerden turadı.Bul shıǵarma jazıwshınıń tuwılǵan jeri Moynaqtaǵı “Besinshi awıl” haqqında sóz boladı.Shıǵarmada Moynaq, Aral haqqında sonday- aq óziniń balalıǵı, ata-anadan erte jetim qalıwı haqqında jáne de házirgi Moynaq haqqında onda hámme nárse bar biraq Aral teńizi joq yaǵnıy onıń búgingi ayanıshlı áwhalı jóninde sóz etiledi.

Shıǵarmada Alpısbay bas qaharman, onıń ákesi, anası Náziyra, anasınıń sińlisi yaǵıy ata-anası ótken soń sińlisiniń qolında tárbiyalanadı atı Zabira, ajapası Jańıl, jorası Jańabay Qaynarov, balalıqtaǵı dostı orazbay, táwip Áshirbek, birinshi lyotchik BayronTájenov sıyaqlı obrazlar qatnasadı.

Juwmaqlap aytqanda, ǵárezsizlik dáwirindegi insan hám tábiyat, tábiaytımızdaǵı pútkil álemlik mashqala Aral ekologiyalıq mashqalası haqqında jazılǵan shıǵarmalar kópshilikti quraydı eken. Bul ǵárezsizlik dáwirinde jazılǵan shıǵarmalar túrli janrlarda jazılıp, olarda ǵárezsizlik ruwı ayqın seziledi. Óytkeni, hárbir jazıwshı óz shıǵarmasında óz pikirlerin, ishki keshirmelerin erkin túrde kórkem bayanlaydı. Joqarıdaǵı hárbir shıǵarmada Aral hám onıń awır ekologiyalıq jaǵdayı haqqında hárbir jazıwshı kóplegen faktologiyalıq materiallardı toplaǵanlıǵın, óz ústinde izlenip kóp materiallar jıynaǵanlıǵın kóriwimizge boladı. Bul shıǵarmalardıń derlik barlıǵında Aral mashqalası shıǵarmanıń tiykarǵı probleması, problematikası retinde beriledi. Biraq, hárbir jazıwshınıń jeke stili bolǵanlıqtan,kórkem bayanlawda ózgeshelikler de bayqaladı.Yaǵnıy, hárbir jazıwshı, óz jolı menen problemanı jetkerip bere alǵan.

**REFERENCES**

1. Allambergenov.K, Orazımbetov.Q,Paxratdinov.Á, Bekbergenova.M. XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı tarıyxı.(I bólim) Tashkent-2018 483- б
2. Әбдирахманов.О.Сайғақлардың көшпели тәғдийри.// «Әмиўдәрья» 2006.№1 6- б
3. Әбдирахманов О. Теңиз толы, ай жарық... . “//Әмиӯдәря”. 2022, №5 4-б
4. Алламбергенов.К. "Дәрья тартылған жыллар" Нөкис.Қарақалпақстан- 1992. 48- б
5. Мәтяқубова.Г. "Арал - жаңа турмыс теңизи".// «Әмиўдәрья» 2019.№4 4-б